

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5. 1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran dina Bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Concept Sentence* kaasup kana katégori kurang atawa can mampuh, rata rata peunteunna (52,4) atawa (≤ 75) tina batas KKM. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina skor maksimal. Kamampuh tina aspék eusi kaasup kana katégori “kurang pisan” kalayan rata-rata peunteun (15,2) tina skor maksimal (30); kamampuh tina aspék organisasi eusi kaasup kana katégori “sedeng-cukup” kalayan rata-rata peunteun (11,4) tina skor maksimal (20); kamampuh tina aspék kosa kecap kaasup kana katégori “sedeng-cukup” kalayan rata-rata peunteun (10,9) tina skor maksimal (20); kamampuh tina aspék kabasaan kaasup kana katégori “sedeng-cukup” kalayan rata-rata peunteun (12,1) tina skor maksimal (25); sarta kamampuh tina aspék éjahan kaasup kana katégori can mampuh kalayan rata-rata peunteun (2,9) tina skor maksimal (5).

Kamampuh nulis warta sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Concept Sentence* kaasup kana katégori mampuh, rata-rata peunteunna (81,1) atawa (≥ 75) tina batas KKM. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu kaasup kana kritéria mampuh. Kamampuh tina aspék eusi kaasup kana katégori “cukup-hadé” kalayan rata-rata peunteun (24,8) tina skor maksimal (30); kamampuh tina aspék organisasi eusi kaasup kana katégori “cukup-hadé” kalayan rata-rata peunteun (16,9) tina skor maksimal (20); kamampuh tina aspék kosa kecap kaasup kana katégori “cukup-hadé” kalayan rata-rata peunteun (16,1) tina skor maksimal (20); kamampuh tina aspék kabasaan kaasup kana katégori “cukup-hadé” kalayan rata-rata peunteun (18,7) tina skor maksimal (25); sarta kamampuh tina aspék éjahan kaasup kana katégori mampuh rata-rata peunteunna (4,6) tina skor maksimal (5).

Kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMA Negeri 8 Bandung taun ajar 2018/2019 ningkat sanggeus ngagunakeun modél *Concept Sentence*. Ieu hal katitén tina aspék-aspékna. Kamampuh tina aspék eusi ningkat tina katégori “kurang pisan” kalayan hasil rata-rata téss awal nyaéta (14,6) tina skor maksimal (30) ningkat (63,2%) jadi (24,8) atawa “cukup-hadé” hartina dina téss awal siswacan bisa ngaluyukeun judul jeung eusi warta. Sanggeus siswa dibéré *treatment* dina *posttest*, hasil ahir dina aspék eusi jadi ngaronjat katitén tina judul warta nu ditulis ku siswa geus hadé jeung luyu kana eusina; kamampuh tina aspék organisasi eusi ningkat tina kriteria “sedeng-cukup” kalayan hasil rata-rata téss awal nyaéta (11,4) tina skor maksimal (20) ningkat (48,2%) jadi (16,9) atawa “cukup-hadé”, hartina sanggeus dibéré *perlakuan / treatment* jadi bisa nyusun téks warta kalawan strukturna nu bener; kamampuh tina aspék kosa kecap dina nulis warta ningkat tina kriteria “sedeng-cukup” (10,9) ningkat (47,7%) jadi (16,1) atawa “cukup-hadé”, hartina dina téss ahir siswa geus bisa nyieun struktur kalimah nu bener, jelas jeung éfisién sanajan aya saeutik kasalahan; kamampuh tina aspék kabasaan dina nulis warta ningkat tina kriteria “sedeng-cukup” (12,1) ningkat (54,5) jadi (18,7) atawa “cukup-hadé”, hartina siswa bisa némbongkeun ngaronjatna aspék kabasaan katitén tina hasil tulisan siswa nu nunjukkeun saeutik kasalahan; kamampuh tina aspék éjahan ningkat tina téss awal kalayan rata-rata peunteun (2,9) nu kaasup kana katégori “kurang pisan” ningkat (58,6%) jadi (4,6) atawa “cukup-hadé” nu némbongkeun yén siswa geus cukup maham, saeutik kasalahan dina éjahan tapi teu ngarobah ma’na.

Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Concept Sentence* katitén tina rata-rata peunteun awal anu dicangking siswa nyaéta (54,2,) sedengkeun rata-rata peunteun ahir anu dicangking siswa nyaéta (81,1). Béda kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunanakeun modél pangajaran *Concept Sentence* dibuktikeun dina uji hipotésis. Dumasar hasil uji *Paired Samples Test*, bisa dicindekkeun yén hasil ngitung t statistic ngahasilkeun peunteun -16,731 jeung signifikasi (Sig. 2-tailed) 0,000. Ku sabab peunteun sginifikasin (Sig. 2-tailed) nyaéta ($0,000 < 0,05$) atawa kurang ti 0,05. Ku kituna, H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Aya béda nu

signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Concept Sentence*. Hartina modél *Concept Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMA Negeri 8 Bandung taun ajar 2018/2019.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Concept Sentence* dina kamampuh nulis warta. Larapna modél pangajaran *Concept Sentence* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna siswa dikondisikeun sangkan gumbira dina prosés diajar. Nalika siswa mekarkeun kecap konci jadi kalimah, siswa bakal manggihan dinamika diajar nu aktif. Pola diajar siswa nu biasana ngan diuk dina korsi, nyatet tur ngaregepkeun, dirobah jadi pola aktifitas aktif positif nalika para siswa leupas tina bangku, diajak ka kelas nu geus dikondisikeun. Dina modél pangajaran *Concept Sentence* siswa dilatih pikeun gawé bareng, sarta méré pamahaman ka siswa yén hiji mangsa para siswa bakal jadi bagéan tina masarakat anu silih mikabutuh antara hiji jalma jeung jalma lian.

Ngaliwatan modél pangajaran *Concept Sentence* siswa bisa mikir kréatif nyieun kalimah nu dimekarkeun tina kecap konci. Pangajaran nu ditepikeun ngaliwatan modél nu teu jiga biasana, tangtu bakal dipikaresep. Antukna siswa teu nganggap manéhna keur diajar serius, tapi sacara teu sadar siswa mikawanoh hiji konsép atawa matéri pangajaran jeung meunangkeun informasi atawa pangaweruh nu ditepikeun tur gancang nerap.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis warta anu maké modél pangajaran *Concept Sentence*, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, di antarana nyaéta:

- 1) modél pangajaran *Concept Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta. Ku kituna, modél pangajaran *Concept Sentence* bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran nulis warta;
- 2) dina panalungtikan nulis warta anu maké modél pangajaran *Concept Sentence* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, di antarana nyaéta: (1) kudu maham *Tiara Umari Nurul Fazrin, 2019*

MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMAN 8 BANDUNG TAUN AJAR 2018/2019)

lana léngkah-léngkah modél pangajaran *Concept Sentence*, (2) nataharkeun pangajaran kalayan bener, (3) kudu bisa nyiptakeun suasana atawa kaayaan sangkan ngirut siswa, sarta (4) kudu pinter dina ngondisikeun waktu; jeung dipiharep ayana panalungtikan modél pangajaran *Concept Sentence* dina pangajaran nulis atawa pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun kaéféktipan modél pangajaran *Concept Sentence*.